



## ENSTRIKSYON PWOVIZWA POU ENSTALASYON ESKI YO PANDAN ETA IJANS SANTE PIBLIK POU COVID-19

### Lè ou li dokiman sa a, ou ka afime nan pati ki anba a.

Apati 19 oktòb 2020

#### Objektif

Yo te kreye Enstriksyon Pwovizwa pou Enstalasyon Eski yo pandan Eta Ijans Sante Piblik pou COVID-19 yo ("Enstriksyon Pwovizwa pou COVID-19 pou Enstalasyon Eski yo") pou ka bay pwopriyetè/operatè enstalasyon eski yo ak anplwaye, antrepriz, machann, ak kliyan yo prekosyon ke yo ka pran pou ede pwoteje tèt yo kont pwopagasyon COVID-19.

Direktiv sa yo aplike pou tout enstalasyon eski (1) ki fonksyone sou desant, espò anplennè oswa domèn oswa aktivite eski ki gen rapò, (2) jere ekipman, tankou transpò pratikan eski ak remòk, ak/oswa (3) bay sèvis alimantè ak bwason, sèvis lokasyon ekipman ak sèvis pou ansèyman eski. Estasyon eski yo dwe gen pèsònèl disponib pou asire respè dispozisyon enstriksyon sa a.

Anplis enstriksyon sa a pou enstalasyon eski ak operasyon/aktivite yo, Pati Responsab yo – jan sa defini anba a – dwe refere epi swiv enstriksyon ki bay pou operasyon/aktivite jan sa etabli pou kèk endistri selon re-ouvèti *New York Forward* la. Kabàn, restoran ak lòt sèvis alimantè ki nan sant komèsyal yo dwe swiv direktiv ki dekri nan "Enstriksyon Pwovizwa pou Aktivite Sèvis Alimantè yo pandan Eta Ijans Sante Piblik pou COVID-19" (Interim Guidance for Food Services during the COVID-19 Public Health Emergency) a, Depatman Sante (DOH) a. Magazen yo vann an detay yo ki asosye ak enstalasyon eski yo dwe swiv direktiv ki dekri nan "Enstriksyon Pwovizwa pou Aktivite Biznis ki Vann an Detay ki Esansyèl yo epi ki nan Faz II a Pandan Ijans Sante Piblik COVID-19" (Interim Guidance for Essential and Phase II Retail Business Activities During the COVID-19 Public Health Emergency) DOH la. Aktivite ki baze nan biwo yo dwe swiv konsèy ki dekri nan "Enstriksyon Pwovizwa pou Aktivite Travay Ki Baze nan Biwo Pandan Ijans Sante Piblik COVID-19" (Interim Guidance for Office-Based Work During the COVID-19 Public Health Emergency) DOH la. Operasyon lokasyon eski yo dwe swiv direktiv ki dekri nan "Enstriksyon Pwovizwa pou Aktivite Vant an Detay, Reparasyon ak Netwayaj Pandan Ijans Sante Piblik COVID-19" (Interim Guidance for Retail Rental, Repair and Cleaning Activities During the COVID-19 Public Health Emergency) DOH la. Aktivite ki gen rapò ak transpò yo dwe swiv direktiv ki dekri nan "Enstriksyon Pwovizwa pou Aktivite Transpò Piblik Pandan Ijans Sante Piblik COVID-19" (Interim Guidance for Public Transportation Activities During the COVID-19 Public Health Emergency) DOH la. Sant antrènman pou espò pwofesyonèl yo dwe swiv direktiv ki dekri nan "Enstriksyon Pwovizwa pou Sant Antrènman pou Espò Pwofesyonèl Pandan Ijans Sante Piblik COVID-19" (Interim Guidance for Professional Sports Training Facilities During the COVID-19 Public Health Emergency) DOH la, menm jan an, konpetisyon pou espò pwofesyonèl yo dwe swiv "Enstriksyon Pwovizwa pou Konpetisyon Espò Pwofesyonèl San Fanatik oswa Espèktatè Pandan Ijans Sante Piblik COVID-19" (Interim Guidance for Professional Sports Competition with No Fans or Spectators During the COVID-19 Public Health Emergency) DOH la. Espò ak aktivite rekreyatif ki pa pwofesyonèl yo dwe konsilte "Enstriksyon Pwovizwa pou Espò ak Rekreyasyon Pandan Ijans Sante Piblik COVID-19" (Interim Guidance for Sports and Recreation During the COVID-19 Public Health Emergency); epi konsidere eski tankou jeneralman yon aktivite ki gen mwens risk dapre enstriksyon sa a. Kote enstriksyon nan dokiman sa a oswa dokiman ki espesifik ak yon endistri diferan de lòt enstriksyon ki nan lòt dokiman ke Eta New York te pibliye yo, yo ta dwe aplike enstriksyon ki pi resan an.

Direktiv sa yo se jis egzijans minimòm epi pwopriyete/oprerate nenpòt enstalasyon eski lib pou bay prekosyon anplis oswa ajoute restriksyon. Direktiv sa yo baze sou pi bon pratik sante piblik nou konnen yo nan moman piblikasyon an, epi dokimantasyon ki sèvi kòm baz pou rekòmandasyon sa yo kapab chanje epi yo chanje souvan. Pati Responsab yo – jan yo defini anba la a – gen responsabilite pou yo respekte tout kondisyon lokal, eta ak federal yo ki gen rapò ak enstalasyon eski yo. Pati Responsab yo responsab tou pou yo rete okouran de nenpòt dènye mizajou ke yo fè nan kondisyon sa yo, epi tou enkòpore yo nan nenpòt fonksyonman/aktivite enstalasyon eski yo ak/oswa Plan Sekirite Espas yo.

## Enfòmasyon Jeneral

Nan dat 7 mas 2020, Gouvènè Andrew M. Cuomo te pibliye Dekrè Egzekitif 202 (Executive Order 202), ki deklare yon eta ijans an repons a COVID-19. Transmisyon kominote COVID-19 deja rive toupatou nan New York. Pou kapab minimize plis pwopagasyon, nou dwe kenbe yon distans sosyal pou pi piti 6 pye ant moun yo, kote sa posib.

Nan dat 20 mas 2020, Gouvènè Cuomo te pibliye Dekrè Egzekitif 202.6, ki òdone pou tout biznis ki pa esansyèl yo fèmen fonksyon pèsone yo nan biwo a. Biznis esansyèl yo, jan yo defini nan enstriksyon Empire State Development Corporation (ESD) yo, pa te gen restriksyon sou aktivite an pèsòn nan sou yo, men, sepandan, yo te resevwa lòd pou yo respekte rekòmandasyon ak direktiv pou kenbe yon anviwonman travay pwòp ak san danje DOH te pibliye yo, epi yo te ankouraje yo anpil pou yo kenbe mezi distans sosyal jan sa posib.

Nan dat 12 avril 2020, Gouvènè Cuomo te pibliye Dekrè Egzekitif 202.16, ki òdone biznis esansyèl yo bay anplwaye, ki prezan nan espas travay yo, yon kouvèti vizaj, san peye, ki dwe itilize lè yo an kontak dirèk ak kliyan oswa manb ki nan piblik la nan kad travay yo. Nan dat 15 avril 2020, Gouvènè Cuomo te pibliye Dekrè Egzekitif 202.17, ki òdone ke nenpòt moun ki gen pase dezan e ki kapab tolere yon kouvèti vizaj dwe kouvri nen ak bouch yo ak yon mask oswa yon twal lè yo nan yon espas piblik epi yo pa ka kenbe, oswa lè yo p'ap kenbe, distans sosyal yo. Nan dat 16 avril 2020, Gouvènè Cuomo te pibliye Dekrè Egzekitif 202.18, ki òdone ke tout moun k ap itilize transpò piblik oswa prive oswa lòt veyikil lokasyon, ki gen plis pase dezan e ki ka tolere yon kouvèti vizaj, dwe mete mask oswa kouvèti vizaj ki kouvri depase nen an ak bouch la pandan vwayaj sa a.. Li òdone tou nenpòt operatè oswa chofè transpò piblik oswa prive pou mete yon kouvèti vizaj oubyen mask ki kouvri nen an ak bouch la pandan gen anpil pasajè nan veyikil sa a. Nan dat 29 me 2020, Gouvènè Cuomo te pibliye Dekrè Egzekitif 202.34, ki otorize dirijan/pwopriyete biznis ki gen otorite yo pou refize aksè pou moun ki pa respekte egzijans kouvèti vizaj oswa mask la.

Nan dat 26 avril 2020, Gouvènè Cuomo te anonse yon apwòch pwogresif pou re-ouvè endistri ak biznis yo nan New York an faz baze sou analiz done rejyonal. Nan dat 4 me 2020, Gouvènè a te prevwa analiz rejyonal la t ap konsidere plizyè faktè sante piblik, sa gen ladan nouvo enfeksyon COVID-19, epitou sistèm swen medikal la, tès dyagnostik yo, ak kapasite retrase kontak yo. Nan dat 11 me 2020, Gouvènè Cuomo te anonse ke premye faz re-ouvèti an t ap kòmanse nan dat 15 me 2020 nan plizyè rejyon New York, baze sou mezi ak endikatè rejyonal ki disponib yo. Nan dat 29 me 2020, Gouvènè Cuomo te anonse dezyèm faz re-ouvèti a ta pral kòmanse nan plizyè rejyon nan eta a, epi li te anonse itilizasyon yon nouvo tablodò alèt rapid k'ap gwoupe bann done eta a pou Nouyòkè yo, fonksyonè gouvènman yo, ak espesyalis yo pou kontwòle ak egzamine kijan yo limite viris la pou garanti yon re-ouvèti san danje. Nan dat 11 jen 2020, Gouvènè Cuomo te anonse ke twazyèm faz nan re-ouvèti a ta pral kòmanse nan dat 12 jen 2020 nan divès rejyon New York. Nan dat 24 jen 2020, Gouvènè Cuomo te anonse ke plizyè rejyon nan eta a te sou pwen pou antre nan katyèm faz re-ouvèti a apati 26 jen 2020. Nan dat 20 jiyè 2020, tout rejyon nan New York, ki gen ladan Vil New York, te rive nan katyèm faz re-ouvèti Eta a.

Nan dat 6 oktòb 2020, Gouvènè Cuomo te anonse yon nouvo inisyativ aksyon regwoupman pou abòde zòn sansib ak COVID-19 yo ki te idnatifye nan kèk zòn New York. Nan travay avèk prensipal ekspè sante

piblik yo, Eta a te devlope yon apwòch ki baze sou lasyans pou kontni regwoupman sa yo epi pou frennen nenpòt pwopagasyon viris la, gen ladan nouvo règleman ak restriksyon yo ki sible dirèkteman zòn ki gen pi gwo konsantrasyon ka COVID yo ak kominote anvwazinan yo. Nan kad [Dekrè Egzekitif 202.68](#), gen kèk aktivite nan zòn regwoupman yo ki gen restriksyon, epi nenpòt aktivite ki otorize nan zòn sa yo (Wouj, Oranj, Jòn), dwe fèt nan bon respè enstriksyon DOH la. Ale nan [enstriksyon](#) Empire State Development lan ak [sitwèb New York Forward](#) la pou jwenn enfòmasyon ki ajou sou lokal ak restriksyon sou fonksyonman nan regwoupman sa yo.

Mete sou nòm sa yo, biznis yo dwe kontinye konfòme ak konsèy epi prensip sa yo pou kenbe anviwònman travay yo pwòp e sekirize ke DOH te pibliye.

## Nòm pou Ekspwatasyon Enstalasyon Eski Responsab nan Eta New York

Pa gen enstalasyon eski ki kapab fonksyone san yo pa ranpli nòm minimòm Eta sa yo, ansanm ak kondisyon federal ki aplikab yo, ki enkli men ki pa sèlman nòm minimòm ki nan Lwa sou Ameriken ki gen Andikap yo (Americans with Disabilities Act, ADA), Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi yo (Centers for Disease Control and Prevention, CDC), Ajans Pwoteksyon Anviwònman la (Environmental Protection Agency, EPA), ak Administrasyon Sekirite ak Sante Pwofesyonèl (Occupational Safety and Health Administration, OSHA) nan Depatman Travay Ameriken an (United States Department of Labor).

Nòm Eta a ki gen nan konsèy sa a aplike pou tout enstalasyon eski ki an mach pandan ijans sante piblik COVID-19 la jiskaske yo anile oswa modifiye pa Eta a. Mèt/administratè enstalasyon eski a, oswa yon lòt pati mèt/administratè a deziyen (kèlkeswa ka a, "Pati Responsab yo"), dwe responsab pou yo ranpli tout nòm sa yo.

Direktiv sa a òganize sou twa kategori diferan: moun, espas, ak pwosesis.

## I. MOUN YO

### A. Distans Fizik

- Pati Responsab yo dwe asire kapasite total enstalasyon eski a limite pou asire distans omwen sis pye kapab respekte pami moun yo, ki gen ladan anplwaye ak kliyan, sof pou moun ki se manm menm pati/kay/fanmi dirèk. Nan tout ka yo, anplwaye ak kliyan yo dwe sèlman gen otorizasyon pou antre nan enstalasyon eski a ak pwopriyete a si yo:
  - mete yon kouvèti vizaj ki akseptab toutan, amwenske y ap manje, bwè (egz., yo chita nan yon zòn ki deziyen, tankou restoran oswa kafe), oswa ki aktivman angaje nan aktivite eski, depi moun lan gen plis pase de ane epi kapab medikalman tolere kouvèti sa a;
  - siyen lè y'ap antre nan etablisman an (oswa anvan atravè kontwòl adistans), pandan y'ap bay tout non yo, adrès, ak nimewo telefòn pou itilize nan kad efò trasaj kontak yo; epi
    - Pwosesis siyen an ka fèt atravè nenpòt ki mwayen ke Pati Responsab yo etabli pou kolekte enfòmasyon kontak ki pi wo a, ki gen ladan men pa limite a yon aplikasyon dijital, lektè kòd, lektè kat manyetik, ak/oswa fòm milè papye.
    - Pati Responsab yo dwe kenbe yon dosye done sinyati ki mansyone pi wo a pou yon peryòd minimòm 28 jou epi rann done sa yo disponib pou depatman sante eta a lokal yo sou demand.
  - si sa aplikab pou moun lan (egz., anplwaye, kliyan k ap resevwa ansèyman), fini ak pran yon tès depistaj sante chak jou, jan sa dekri anba.

- Pati Responsab yo dwe aplike yon limit sou kapasite yon pwopriete espesifik pou zòn anplennè yo pandan jou pik sezon yè yo pou asire kantite kliyan ki sou plas yo nan nenpòt lè pa deranje kapasite anplwaye yo pou ranfòse, ak pou anplwaye yo respekte, kondisyon ki nan enstriksyon sa a. Espesyalman, Pati Responsab yo dwe idantifye jou ki pi okipe yo pou sezon anvan yo - jan kantite kliyan ki vizite etablisman an defini sa - ak adopte chanjman operasyonèl pou redui dansite ak pwopabilite pou gen rasanbleman nan nenpòt moman nan jou sa yo. Pou aplike rediksyon kapasite nan jou pik yo, Pati Responsab yo dwe konsidere chanjman operasyonèl anba yo:
  - Limite vant tikè/lese pase yo ak pa plis pase 75% vant istorik/mwayèn pou jou ki gen anpil vant yo;
  - Otorize sèlman lese pase manm/sezon pou itilize sant ak etablisman an;
  - Asire gen ase pèsonèl ki prezan nan zòn ki gen plis dansite oswa rasanbleman pou evite gen rasanbleman;
  - Pwolonje lè fonksyonman yo pou repati gwo volim kliyan pe a pe; ak/oswa
  - Aplike lòt mezi rediksyon kapasite (egz., fèmen 25% plas/espas estasyonman).
  
- Pati Responsab yo dwe asire kapasite nan espas fèmen limite pou pa plis pase 50% okipasyon maksimòm pou espas oswa zòn patikilye, anplwaye pa ladan; tout moun yo dwe sèlman otorize antre nan espas la si yo mete yon kouvèti vizaj akseptab, depi moun sa a depase de ane epi kapab medikalman tolere kouvèti sa a.
  - Nan mezi posib, Pati Responsab yo dwe kenbe yon kapasite nan espas pa anndan ki sifi pou akomode kliyan yo ki ka bezwen pou antre oswa kite espas pa anndan an pou gen aksè ak zòn eski anplennè yo, twalèt, lokal peman, oswa nan ka gen yon ijans, ak otorize antre ak sòti sa a nan yon fason ki gen distans sosyal.
  - Pati Responsab yo dwe ankouraje kliyan yo pou limite tan yo nan sant yo pou entèval ki kout (egz., 15-30 minit) pou pèmèt bon distans sosyal.
  - Pati Responsab yo dwe konsidere lòt metòd pou ogmante espas disponib (egz., estrikti tanporè, lakou cho, etc.) pou fasilite distans sosyal apwopriye.
  
- Pati Responsab yo dwe asire gen yon distans omwen sis pye ki respekte pami moun yo, ki gen ladan anplwaye ak kliyan, toutan, amwenske sekirite oswa aktivite prensipal la egzije yon distans ki pi kout (egz., deplase ekipman eski, itilize yon asansè, reponn ak yon ijans, ede yon eskiyè ki tonbe), sof pou moun ki se manm menm pati/kay/fanmi dirèk.
  - Pati Responsab yo dwe asire moun ki pa sòti nan menm pati/kay/fanmi dirèk pou yo kenbe distans omwen sis pye pandan y ap tann, ak pandan yo sou, elevatè eski (egz., longè nòmal yon eski oswa de plas nan yon elevatè); espesyalman, sa annapre yo se aranjman nòmal pou plas ki apwopriye:
    - Yon sèl moun nan yon elevatè ki pran youn oswa de moun
    - Yon sèl moun nan yon elevatè ki pran twa moun, amwenske chita sou elevatè a pèmèt bon distans sosyal
    - De moun nan chak pwent yo (sa vle di, nan pwent agòch ak nan pwent adwat) pou yon elevatè ki pran kat moun
    - De moun oswa yon pè (sa vle di, de moun ki sòti nan menm pati/kay/fanmi) ki nan chak pwent (sa vle di, lwen agòch ak lwen adwat) nan yon elevatè ki pran sis moun

- Pati Responsab yo dwe asire patisipan nan elevatè yo disponib pou ede ak aranjman pou plas pou gondòl/elevatè, espesyalman sila yo ki pran kat oswa plis moun.
- Pati Responsab yo dwe asire gondòl yo rezève pou moun ki sòti nan menm pati/kay/fanmi dirèk; sof pou de moun oswa moun ki akonpaye ki sòti nan pati/kay/fanmi ki diferan kapab chita nan pwent opoze yon gondòl, si distans sosyal apwopriye kapab respekte.
  - Nan mezi posib, Pati Responsab yo dwe ouvri tout fenèt gondòl yo pou asire gen plis sikilasyon lè.
- Pati Responsab yo dwe asire kliyan/vizitè yo kapab achte tikè yo alavans, pou jere ak kontwòl limit kapasite yo. Pati Responsab yo dwe ankouraje kliyan pou achte tikè alavans pandan pwosesis tikè a ke yo te aplike pou sant yo (egz., pòtay sou entènèt, aplikasyon mobil, apèl alavans, kòmman pa korespondans, oswa pase pran nan lokal fizik nan moman ki pwograme alavans). Anplis de sa, Pati Responsab yo dwe ankouraje itilizasyon opsyon peman taktil, lè sa disponib, minimize itilizasyon lajan, kat kredi, tikè pou elevatè, kat rekonpans, ak aparèy mobil, lè sa posib.
  - Pati Responsab dwe mete endis vizyèl (egz., kòn, makè, afich) pou make distans sis pye oswa plis nan kote pou pran tikè ak lòt liy datant nan sant lan.
  - Pati Responsab yo dwe swiv kapasite yo chak jou pandan sezon an, fini vant tikè yo jan sa nesèsè pou asire limit kapasite yo respekte.
  - Pati Responsab yo dwe konsidere tikè ki achte alavans yo epi itilize tikè ki rechajab/re-itilizab pou evite pil moun nan pwen vant tikè yo.
- Pati Responsab yo dwe asire kapasite ak operasyon yo nan navèt eski yo respekte "Enstriksyon Pwovizwa pou Aktivite Transpò Piblik Pandan Ijans Sante Piblik COVID-19" (Interim Guidance for Public Transportation Activities During the COVID-19 Public Health Emergency), ki egzije pou moun yo mete kouvèti vizaj akseptab toutan nan navèt yo (egz., antre, sòti ak chita) epi pou moun yo kenbe distans sosyal apwopriye, amwenske yo se manm menm pati/kay/fanmi. Pati Responsab yo dwe aplike pwotokòl ak pwosedi pou navèt eski ki reflekte fason y ap adapte pou kenbe kliyan ak anplwaye yo san danje (egz., fason manm nan menm pati/kay/fanmi ap chita ansanm, fason distans sosyal la oryante nan navèt yo, ak si orè navèt yo ap adapte).
  - Pati Responsab yo dwe mete anplas mezi pou ankouraje distans sosyal nan navèt eski yo, itilize bann, pano oswa lòt makè.
  - Pati Responsab yo dwe asire kliyan yo pa chita nan distans sis pye chofè a (egz., okipe nenpòt pati pa devan oswa plas vid), amwenske yon baryè fizik nan zòn pa chofè a pèmèt separasyon ant kliyan ak chofè a enstale; depi, sepandan, baryè sa a pa anpeche vizyon an pandan l ap kondui oswa prezante yon danje sekirite.
  - Pati Responsab yo dwe asire fenèt navèt yo rete ouvri, nan mezi posib.
  - Pati Responsab yo dwe asire anbakman, chajman ak dechajman yo fèt yon fason pou evite kontak pwòch ant manm diferan pati/kay/fanmi.
  - Pati Responsab yo dwe bay dezenfektan pou men pou kliyan k ap antre ak kite navèt la, nan mezi posib.
- Pati Responsab yo dwe asire ke tout moun, enkli anplwaye ak kliyan yo, mete kouvèti vizaj ki akseptab tout tan, pandan yo nan enstalasyon eski a, sof si yo ap manje, bwè (egzanp, nan yon zòn yo deziyen, tankou yon restoran oswa kafe), oswa ki aktivman angaje nan aktivite eski; depi ke yo gen plis pase de ane epi yo kapab medikalman tolere yon kouvèti vizaj konsa a. Nou dwe mete kouvèti vizaj yo toutan, sa gen ladan men pa limite ak, pandan y ap tann nan liy elevatè yo, tann nan

liy pou pran tikè, ekipman lokasyon, mete ekipman sou yo, mache nan kabòn yo, ak navige nan nenpòt lòt zòn etablisman an.

- Kouvèti vizaj akseptab pou COVID-19 la yo se, men yo pa limite a sa sèlman, kouvèti vizaj ki fèt ak twal ak mask ki kouvri ni bouch ak nen an.
- Sepandan, mask ki fèt ak rad pou kouvri figi yo, ke yo ka jete, oswa ke yo fè lakay yo pa mask pou kouvri figi ki akseptab pou aktivite nan espas travay yo ki nòmalman mande yon pi gwo nivo pwoteksyon pou Ekipman pou Pwoteksyon Pèsonèl (Personal Protective Equipment, PPE) akòz modèl travay la. Pou aktivite sa yo, yo ta dwe kontinye itilize respiratè N95 oswa lòt Ekipman pou Pwoteksyon Pèsonèl ke yo konn itilize nan kad nòm endistri aktyèl yo, konfòmman a nòm OSHA yo.
- Yo dwe aplike egzijans kouvèti vizaj la nan yon fason ki konsistan avèk Lwa sou Ameriken ki Andikape yo (American with Disabilities Act, ADA) federal la ak Lwa sou Dwa Moun (Human Rights Law) nan Eta ak Vil New York, jan sa aplikab.
- Pati Responsab yo gen dwa chanje itilizasyon ak/oswa mete restriksyon sou kantite pòs travay ak zòn pou anplwaye chita yo yon jan pou moun yo gen yon distans omwen sis pye ki separe yo youn de lòt nan tout direksyon (paregzanp youn sou kote lòt ak lè youn anfas lòt) epi pou yo pa sèvi avèk menm pòs oswa espas travay/ekipman yo san yo pa netwaye ak dezenfekte apre chak itilizasyon. Lè distansasyon an pa posib ant pòs travay yo (egzanp biwo resepsyon, kontwa lokasyon), Pati Responsab yo dwe enstale yon baryè fizik (egzanp, mi pwoteksyon an plastik) nan zòn kote yo pa ta afekte sikilasyon lè, chofaj, refwadisman, oswa vantilasyon, oswa ki prezante yon risk sante oswa yon risk sekirite.
  - Si yo itilize yo, yo ta dwe mete sou pye baryè fizik yo konfòmman a enstriksyon OSHA yo.
  - Chwa pou baryè fizik yo ka gen ladan rido an band, kabin, pleksiglas oswa materyèl ki menm jan, oubyen lòt separatè oswa klwazon enpèmeyab.
- Pati Responsab yo dwe entèdi yon sèl moun itilize ti espas yo (egzanp, dèyè kès, nan zòn pou retire ekipman yo, etc.) alafwa, sòf si tout anplwaye ki nan espas sa yo an menm tan gen kouvèti vizaj ki akseptab oswa yo se manm menm pati/kay/fanmi.
- Pati Responsab yo dwe mete anplas mezi pou redui sikilasyon a pye bi-direksyonèl kliyan yo (egz., itilize bann, pano avèk flèch oswa lòt makè nan ale, koridò oswa espas piti yo).
  - Kote sa posib, mete makè oswa baryè pou ankouraje sikilasyon a sans inik.
- Pati Responsab yo dwe afiche pano toupatou atravè enstalasyon eski a, ki an akò ak siyalizasyon DOH pou COVID-19 la. Pati Responsab yo kapab elabore pwòp endikasyon pa yo espesyalman pou yon lye oswa kad travay, depi endikasyon sa yo ale avèk endikasyon Depatman an. Siyalizasyon an ta dwe itilize pou raple moun pou l:
  - Rete lakay ou si yo malad.
  - Kouvri nen yo ak bouch yo ak yon kouvèti vizaj tout tan, eksepte pandan y ap manje, bwè, oswa aktivman angaje nan aktivite eski.
  - Mete yo an karantèn si dènyèman yo te nan yon eta ki gen gwo transmisyon kominotè COVID-19 oswa se yon peyi ki gen avi vwayaj CDC Nivo 2 oswa 3 dapre avi vwayaj DOH la.
  - Byen sere, netwaye, epi, lè sa nesèsè, jete PPE.
  - Respekte enstriksyon sou distans fizik yo.
  - Rapòte sentòm oswa kontak avèk COVID-19, ak kijan yo dwe fè l.



- Suiv rekòmandasyon yo pou ijyèn men ak netwayaj ak itilizasyon dezenfektan.
- Suiv ijyèn respirasyon apwopriye ak etikèt pou tous.
- Kenbe ekipman yo pwòp (egz., itiliz sèvyèt dezenfektan anvan ak apre itilizasyon).

## B. Rasanbleman nan Espas Fèmen yo

- Pati Responsab yo dwe limite rasanbleman anplwaye an pèsòn yo (pa egzanp, reyinyon anplwaye yo, nan sal poz yo, sal depo yo) nan pi gwo mezi posib, epi yo dwe konsidere itilize lòt metòd tankou konferans nan videyo oswa telefòn lè sa posib, konfòmman a enstriksyon CDC pase nan "Enstriksyon Pwovizwa pou Biznis ak Patwon Travay yo pou Panifye epi Fè Entèkansyon pou Maladi Kowonaviris 2019 (COVID-19)" (Interim Guidance for Businesses and Employers to Plan and Respond to Coronavirus Disease 2019 (COVID-19)). Lè videyokonferans oswa telekonferans pa posib, Pati Responsab yo ta dwe fè yon reyinyon ouvè, nan espas ki gen bon lè epi asire ke moun yo kenbe sis pye distans sosyal ant youn ak lòt (eg, kite espas nan mitan chèz yo, fè anplwaye yo chita nan chèz altène).
- Antite ki Responsab yo ta dwe ankouraje distans sosyal lè y'ap limite kantite moun ki okipe espas yo oswa fèmen enstalasyon ki pa esansyèl yo ak espas kolektif yo ki pa pèmèt yo respekte pwotokòl distans sosyal yo. Si yo ouvè yo, Pati Responsab yo dwe mete sanitizè pou men oswa papye dezenfekte disponib toupre ekipman sa yo (egzanp, distribit otomatik, estasyon kafe kominal, sal poz).
- Pati Responsab yo dwe mete anplas metòd pou gen kont distans sosyal nan zòn ki piti yo, tankou vestyè yo, twalèt ak sal repo, epi yo dwe elabore endikasyon ak sistèm (paregzanp, make okipe) pou mete restriksyon sou kantite moun yo lè yo pa kapab kenbe distans sosyal nan zòn sa yo.
- Pati Responsab yo ka aplike pi bon pratik pou twalèt komen yo ki gen ladan men pa limite a:
  - enstalasyon baryè fizik ant twalèt yo ak lavabo yo, si sis pye separasyon an pa posib; ak
  - sèvi ak savon san kontak, ak distribitè papye ijyenik san kontak nan plas sechwa lè.
- Nan limit sa posib, Pati Responsab yo dwe repati orè yo pou jwè ak anplwaye yo kapab respekte distans sosyal (sa vle di, sis pye espas) pou tout rasanbleman anplwaye (pa egzanp, pandan poz kafe yo, repa yo, kòmansman/fen peryòd travay yo).

## C. Aktivite Operasyonèl

- Pati Responsab yo dwe ankouraje kliyan yo pote pwòp ekipman eski yo (egz., bòt, eski, kask, etc.) nan mezi posib.
- Pati Responsab yo dwe itilize randevou oswa rezèvasyon pou lokasyon eski, ak/oswa anrejistreman alavans pou aktivite sou montay yo (egz., leson eski, kous eski) pou asire konfòmite ak restriksyon sou kapasite yo.
- Pati Responsab yo dwe asire moun yo pa pataje ekipman eski, espesyalman sa ki lwe yo, san yo pa netwaye ak dezenfekte apre itilizasyon, sòf si yo se manm menm pati/kay/fanmi.
- Pou leson eski prive ak an gwoup:
  - Pati Responsab yo dwe itilize randevou, rezèvasyon, anrejistreman adistans, ak/oswa enskripsyon davans pou kou ak leson yo pou swiv prezans kliyan yo ak kapasite a.

- Pati Responsab yo dwe asire kliyan yo ki patisipe nan kou oswa leson fè depistaj sante chak jou, jan sa dekri anba a, anvan ansèyman yo.
  - Pati Responsab yo dwe asire moun yo, ki gen ladan enstriktè ak kliyan, kenbe distans sosyal apwopriye ak mete kouvèti vizaj akseptab ki konfòm ak kondisyon ki mansyone anwo yo.
    - Pati Responsab yo dwe asire antrenè ak kliyan yo kenbe distans sosyal apwopriye nan tout mezi posib, pèmèt kèk kontak okazyonèl, brèf ki ka pi pre pase sis pye pou adrese yon risk sante oswa risk sekirite (eg, fè egzèsis, fòm oswa prestans kòrèk). Nan nenpòt ka, yo ta dwe mennen kontak sere sa a nan pi piti kantite tan posib (sa vle di, pa gen pèsistans oswa sosyalizasyon).
  - Pati Responsab yo dwe limite kantite patisipan nan leson eski oswa aktivite an gwoup ak 10 oswa mwens moun pou leson pou granmoun ak 6 oswa mwens moun pou leson pou timoun, esklizif pou enstriktè a(yo).
    - Kote sa posib ak ka fèt, Pati Responsab yo dwe ankouraje kliyan yo nan leson oswa aktivite an gwoup yo pou yo sòti nan menm pati/kay/fanmi.
    - Lè sa posib, Pati Responsab yo dwe reyalize leson pou granmoun nan espas an gwoup ak leson pou timoun nan espas prive oswa endividyèl pou pran an kont kapasite kliyan an pou kenbe distans sosyal ak konfòm ak kondisyon pou kouvèti vizaj yo.
  - Pati Responsab yo dwe ankouraje kliyan yo evite itilize ekipman lòt kliyan, sòf si yo se manm menm pati/kay/fanmi.
  - Pati Responsab yo dwe asire ke nenpòt ekipman (egz., pòl ki pataje yo, etc.) pwòp ak dezenfekte apre lòt moun fin itilize li, sòf si yo se manm menm pati/kay/fanmi.
- Pati ki responsab yo dwe fèmen ekipman yo, lè sa aplikab, tankou:
    - benwa, sona, ak chanm a vapè yo;
    - douch komen;
    - bar kote moun ka sèvi tèt yo ak kote yo bay echantiyon yo; ak/oswa
    - sous dlo (sepandan, estasyon ranplisaj boutèy dlo ka rete ouvri).
  - Antite ki Responsab yo dwe pran mezi pou redwi kontak ak rasanbleman entèpèsònèl yo, apati metòd tankou:
    - limite prezans moun nan a sèlman sila ki nan staf la ki nesèsè;
    - ajiste orè lye travay la;
    - ankouraje itilizasyon espas anplennè, kote li posib;
    - konsepsyon evolutif (egz: ekip A/B, repati lè arive/depa);
    - devlope pwotokòl pou itilize ekipman biwo komen san danje, tankou telefòn, machin fotokopi, enprimant, anrejistrez, elatriye; ak/oswa
    - entèdi itilizasyon ekipman pataje, sòf si li ka byen netwaye ak dezenfekte apre itilizasyon.
  - Pati ki responsab yo ta dwe ajiste lè operasyon yo jan sa nesèsè pou pèmèt pwosedi netwayaj ranfòse, dapre direktiv DOH, "Enstriksyon Pwovizwa pou Etablisman Piblik ak Prive" (Interim Guidance for Public and Private Facilities).



- Lè sa posib ak reyalizab, Pati Responsab yo dwe ankouraje kliyan nyo pou kòmande manje ak bwason adistans (egz., sou entènèt, app, telefòn) ak mete atik yo disponib pou pase pran nan kontwa.
- Pati Responsab yo ka eksplwate zòn fòmasyon pwofesyonèl eski ak kous; sou kondisyon, sepandan, zòn sa yo eksplwate an akò ak "[Enstriksyon Pwovizwa pou Sant Fòmasyon pou Espò Pwofesyonèl Pandan Ijans Sante Piblik COVID-19 la](#)" (Interim Guidance for Professional Sports Training Facilities During the COVID-19 Public Health Emergency) oswa "[Enstriksyon Pwovizwa pou Konpetisyon Espò Pwofesyonèl San Fanatik Pandan Ijans Sante Piblik COVID-19 la](#)" (Interim Guidance for Professional Sports Competitions with No Fans During the COVID-19 Public Health Emergency) ki gen ladan nenpòt egzijans pou distans sosyal, ijyèn ak asenisman.

#### D. Mouvman ak Kòmès

- Pati Responsab yo dwe siveye ak kontwole sikilasyon trafik nan tout zòn enstalasyon eski yo, ki gen ladan men pa limite ak kabàn eski yo, liy elevatè yo, ak kontwa lokasyon eski yo, pou asire konfòmite pou kapasite maksimòm ak kondisyon sou distans sosyal.
  - Pati Responsab yo dwe mete endis vizyèl (egz., kòn, siyalizasyon, makè) pou denote distans sis pye nan tout liy datant sant yo (egz., pase pran tikè, sèvis alimentè).
  - Nan mezi posib, Pati Responsab yo dwe repati tan yo pou kliyan yo nan antre ak/oswa liy elevatè yo pou minimize blokis oswa foul kliyan.
- Pati Responsab yo dwe afiche pano ak makè distans ki denote espas sis pye nan tout zòn ki itilize souvan ak nenpòt zòn moun yo ka rasanble (egz., sal poz, zòn pou retire ekipman, vestyè).
- Pati Responsab yo dwe prepare yo pou mete kliyan yo nan liy deyò pandan y'ap toujou kenbe distans fizik enkli atravè itilizasyon siyal vizyèl ak/oswa aparèy pou kontwòle liy (egzanp, etanson, mak pou distanse liy, flèch).
- Pati Responsab yo ta dwe fè aranjman espas pou kliyan yo ret tann (egz., liy, espas paking) pou maksimize distans sosyal pami lòt moun epi diminye entèraksyon ak lòt kliyan/pati nan zòn lan.
- Pati Responsab yo ta dwe limite entèraksyon sou plas yo (egz., deziyen yon sòti pou moun yo k ap kite enstalasyon eski a ak yon antre separe pou moun k ap antre yo) ak mouvman yo (egz., anplwaye yo ta dwe rete tou pre pòs travay yo toutotan sa posib).
  - Lè sa reyalizab, Pati Responsab yo dwe limite kantite antre yo nan mezi sa ede jere sikilasyon nan zòn anndan enstalasyon eski oswa espas kabàn lan epi otorize siveye limit pou okipasyon/kapasite.
- Pati Responsab yo dwe etabli espas ki deziye pou ramasaj ak livrezon, pandan y'ap limite kontak yo tout tan sa posib
- Pou livrezon, Pati Responsab yo ta dwe kreye yon sistèm livrezon san kontak kote chofè a ka rete nan kab machin nan pandan livrezon an ap fèt oswa, kote sa pa ka fèt, Pati Responsab yo dwe bay travayè livrezon yo PPE akseptab ki mache ak aktivite sa yo ki gen ladan l, o minimòm, yon kouvèti vizaj pou pèsònèl ki enplike nan livrezon an san yo pa peye pou sa pou dire pwosesis livrezon an.

- Pati Responsab yo dwe asire ke anplwaye yo pratike ijyèn men anvan ak apre yo transfere yon chay (paregzanp, ki sòti nan men yon chofè livrezon) machandiz (paregzanp pratike ijyèn men anvan yo kòmanse chaje atik; epi yon fwa ankò lè yo fin chaje tout atik yo, fini pa pratike ijyèn men ankò).
- Pati Responsab ka ouvri zòn sèvis alimantè anplennè ak anndan yo; sou kondisyon, zòn sa yo fonksyone an akò ak "[Enstriksyon Pwovizwa pou Sèvis Alimantè Pandan Ijans Sante Piblik COVID-19 la](#)" (Interim Guidance for Food Services During the COVID-19 Public Health Emergency) ki gen ladan nenpòt separasyon obligatwa ant tab yo avèk plas yo, distans sosyal ant kliyan yo, ak limit okipasyon yo.
  - Pati Responsab yo dwe konsidere elaji zòn pou chita pou sèvis alimantè anplennè yo, ansanm ak opsyon pou pase pran manje pou manje nan zòn pou chita pou sèvis alimantè anplennè, pou diminye okipasyon nan zòn pa anndan yo.
- Pati Responsab yo ka ouvri operasyon lokasyon eski; sou kondisyon, sepandan, zòn sa yo fonksyone an akò ak "[Enstriksyon Pwovizwa pou Aktivite Lokasyon, Reparasyon ak Netwayaj an Detay Pandan Ijans Sante Piblik COVID-19](#)" (Interim Guidance for Retail Rental, Repair, and Cleaning Activities During the COVID-19 Public Health Emergency) DOH ki gen ladan nenpòt egzijans sou distans sosyal, ijyèn ak asenisman.
  - Pati Responsab yo dwe ankouraje kòmman alavans/pase pran andeyò pou ekipman lokasyon pou redui okipasyon nan espas pa anndan.
  - Pati Responsab yo dwe asire kliyan yo ak enstriktè yo kenbe distans nan mezi posib, nan pran an kont kontak pafwa, ki kout ki ka nan mwens ke sis pye pou ede enstalasyon ekipman (egz., ede mare bòt eski). Nan nenpòt ka, yo ta dwe mennen kontak sere sa a nan pi piti kantite tan posib (sa vle di, pa gen pèsistans oswa sosyalizasyon).

## II. ESPAS YO

### A. Sistèm Tretman Lè ak Sistèm Batiman yo

- Pou enstalasyon eski ki gen sistèm lè santral, Pati Responsab yo dwe asire filtrasyon sistèm HVAC santral la reponn ak filtrasyon ki pi eleve ki konpatib ak sipò filtè a ak sistèm tretman lè ki aktyèlman enstale, o minimòm MERV-13, oswa ekivalan oswa pi plis a endistri a (egzanp, HEPA), jan sa aplikab, ak jan sa sètifye ak dokimante pa yon teknisyen sètifye, pwofesyonèl, oswa konpayi HVAC, pwofesyonèl sètifye ASHRAE, pwofesyonèl retwo komisyon sètifye, oswa enjenyè an batiman ki gen lisans pwofesyonèl New York.
  - Pati Responsab yo ta dwe konsidere tou pou adopte pwotokòl adisyonèl sou vantilasyon ak rediksyon filtrasyon lè dapre rekòmandasyon [CDC](#) ak [ASHRAE](#) yo, patikilyèman pou batiman ak sistèm tretman lèki gen plis pase 15 ane, tankou:
    - Pèfòme retwo komisyonin nesèsè nan sistèm santral yo, ansanm ak teste, balanse, ak repare jan sa nesèsè;
    - Ogmante nivo ayerasyon yo ak ayerasyon lè ki soti deyò yo nan limit ki posib;
    - Kenbe sistèm nan an mach pou plis tan, espesyalman pou plizyè èdtan chak jou anvan ak apre okipasyon;
    - Dezaktive vantilasyon sou demand, kote rezonab, epi kenbe sistèm ki ogmante apwovizyonman lè fre;

- Kenbe yon imidite relativ ant 40-60% kote sa posib;
  - Ouvri bouch ayerasyon lè deyò yo pou ka redwi oswa elimine resiklaj lè yo nan limit ki posib;
  - sele bò filtè a pou limite pasaj;
  - Regilyèman enspekte sistèm ak filtè yo pou asire ke yo byen opere, ak si filtè yo byen enstale, si yo fè sèvis ladan yo ak pandan dire de tan yo;
  - Ouvè fenèt yo nan limit ki akseptab pou sekirite ak konfò okipan an;
  - Enstale iradyasyon jèmisid iltravyolèt (UVGI) ki fèt ak deplwaye yon fason ki apwopriye pou dezaktive patikil viris ayeryèn yo; ak/oswa
  - Itilize pwodui netwayaj lè pòtab (eg, inite elektrik HEPA), konsidere inite ki bay pi gwo to chanjman lè nan nivo pèfòmans apwopriye epi ki pa jenere sou-pwodui ki danjere.
- Pou enstalasyon eski ki gen sistèm tretman lè santral ki pa ka trete nivo filtrasyon minimòm ki endike anwo a (sa vle di, MERV-13 oswa pi plis), Pati Responsab yo dwe gen yon teknisyen sètifye, pwofesyonèl, oswa konpayi HVAC, pwofesyonèl sètifye ASHRAE, pwofesyonèl retwo komisyon sètifye, oswa enjenyè an batiman ki gen lisans pwofesyonèl New York ki sètifye epi dokimante ke sipò filtè ki aktyèlman enstale a pa konpatib ak nivo filtrasyon minimòm ki endike anwo a (sa vle di, MERV-13 oswa pi plis) ak/oswa sistèm tretman lè a pa ta kapab an mezi pou fonksyone nivo minimòm chofaj ak refwadisman ke li te otreman kapab founi anvan ijans sante piblik COVID-19 la si yo te enstale yon degre filtrasyon elve konsa (sa vle di, MERV-13 oswa pi plis).
    - Anplis, Pati Responsab yo dwe konsève dokiman sa a pou ofisyèl depatman sante eta oswa lokal yo revize pou opere nan yon to filtrasyon ki pi piti ak pwotokòl reduiksyon vantilasyon ak filtrasyon lè adisyonèl.
    - Anplis de sa, Pati Responsab yo ki gen etablisman ki gen yon sistèm tretman lè santral ki pa kapab satisfè yon to filtrasyon MERV-13 oswa pi plis dwe adopte pwotokòl reduiksyon vantilasyon ak/oswa filtrasyon lè adisyonèl dapre rekòmandasyon CDC ak ASHRAE yo, enkli:
      - Pèfòme retwo komisyonin nesèsè nan sistèm santral yo, ansanm ak teste, balanse, ak repare jan sa nesèsè;
      - Ogmante nivo ayerasyon yo ak ayerasyon lè ki soti deyò yo nan limit ki posib;
      - Kenbe sistèm nan an mach pou plis tan, espesyalman pou plizyè èdtan chak jou anvan ak apre okipasyon;
      - Dezaktive vantilasyon sou demand, kote rezonab, epi kenbe sistèm ki ogmante apwovizyonman lè fre;
      - Kenbe yon imidite relativ ant 40-60% kote sa posib;
      - Ouvri bouch ayerasyon lè deyò yo pou ka redwi oswa elimine resiklaj lè yo nan limit ki posib;
      - sele bò filtè a pou limite pasaj;
      - Regilyèman enspekte sistèm ak filtè yo pou asire ke yo byen opere, ak si filtè yo byen enstale, si yo fè sèvis ladan yo ak pandan dire de tan yo;
      - Ouvè fenèt yo nan limit ki akseptab pou sekirite ak konfò okipan an;
      - Enstale iradyasyon jèmisid iltravyolèt (UVGI) ki fèt ak deplwaye yon fason ki apwopriye pou dezaktive patikil viris ayeryèn yo; ak/oswa
      - Itilize pwodui netwayaj lè pòtab (eg, inite elektrik HEPA), konsidere inite ki bay pi gwo to chanjman lè nan nivo pèfòmans apwopriye epi ki pa jenere sou-pwodui ki danjere.

- Pou enstalasyon eski ki pa gen sistèm jesyon lè santral yo, Pati Responsab yo dwe adopte pwotokòl sou rediksyon vantilasyon ak filtrasyon lè anplis dapre rekòmandasyon [CDC](#) ak [ASHRAE yo](#), gen ladan:
  - Regilyèman enspekte nenpòt sistèm vantilasyon chanm yo (egzanp, inite fenèt yo, inite mi yo) pou asire ke yo byen opere, ak si filtè yo byen enstale, si yo fè sèvis ladan yo ak pandan dire tan yo.
  - Kenbe nenpòt sistèm vantilasyon chanm yo an mach pou plis tan, espesyalman pou plizyè èdtan chak jou anvan ak apre okipasyon;
  - Etabli sistèm vantilasyon chanm pou maksimize konsomasyon lè fre, fikse vantilatè yo a vitès ki ba ak mete yo lwen okipan nan limit ki posib;
  - Kenbe yon imidite relativ ant 40-60% kote sa posib;
  - Ouvè fenèt yo nan limit ki akseptab pou sekirite ak konfò okipan an;
  - Fikse nenpòt vantilatè plafon pou rale lè k'ap soti anlè a lwen okipan yo, si sa posib;
  - Priyorite vantilatè fenèt yo pou evakye lè andedan an lè sa posib;
  - Evite sèvi avèk vantilatè ki sèlman resikle lè oswa sèlman soufle lè nan yon chanm san yo pa founi evakyasyon; ak/oswa
  - Enstale iradyasyon jèmisid ultravyolèt (UVGI) ki fèt ak deplwaye yon fason ki apwopriye pou dezaktive patikil viris ayeryèn yo; ak/oswa
  - Itilize pwodui netwayaj lè pòtab (eg, inite elektrik HEPA), konsidere inite ki bay pi gwo to chanjman lè nan nivo pèfòmans apwopriye epi ki pa jenere sou-pwodui ki danjere.
- Anvan okipan yo retounen nan yon batiman ki te fèmen totalman, Antite ki Responsab yo dwe konplete verifikasyon, travay, ak evalyasyon anvan retou yo pou kapab asire yon anviwònman ki bon pou sante epi ki sekirize. Sistèm sa yo gen pami yo, men pa sèlman, sistèm mekanik, sistèm dlo, asansè, ak sistèm HVAC yo.
  - Depandaman de longè tan depi lè ekipman yo te inaktif, Antite ki Responsab yo dwe lanse sistèm yo ak obsèvasyon atantif pou asire ke machin yo (egzanp, tib ak entèripte yo) ap fonksyone kòrèkteman.
  - Li ka nesese pou pran mezi espesifik pou sistèm yo pou ka relanse sistèm yo apre yo te fèmen pandan lontan. Antite ki Responsab yo ka detèmine nesosite pou chak atik sa yo baze sou longè dire tan yo te fèmen yo ak kondisyon yo lè yo enspekte yo.
  - Jan ki apwopriye epi aplikab, Antite ki Responsab yo ta dwe ranpli batiman an ak lè fre baze sou konsèp sistèm lè sosyal/deyò yo pandan yon peryòd 24 èdtan minimòm.
  - Antite ki Responsab yo dwe asire ke yo ranplase sistèm tretman lè yo jan sa nesese (pa egzanp, apre yo fin ranpli batiman an).
  - Antite ki Responsab yo dwe asire ke yo te fè mentnans ak siveyans ekipaj rafrechisman yo konfòmman a règleman eta yo epi ke nivo pwodwi chimik ak mikwòb yo nan nivo ke yo te etabli pou nenpòt sistèm dlo ki fèmen ak/oswa enstalasyon dlo yo, epi seche nenpòt aparèy ki ta ka gen dlo dòmi ladan yo.
  - Antite ki Responsab yo dwe vide sistèm dlo frèt ak dlo cho yo konfòmman a plan jesyon dlo nan batiman an, jan ki aplikab.
  - Antite ki Responsab yo dwe asire ke yo ranplase nenpòt sistèm tretman dlo jan sa nesese apre yo fin vide sistèm dlo batiman yo.

- Pou batiman ki te fèmen totalman yo, Antite ki Responsab yo ta dwe asire ke yo te retabli fonksyonman tout sistèm ak ekipman mekanik yo anvan yo retounen ouvri batiman an.

## B. Ekipman pou Pwoteksyon yo

- Pati Responsab yo dwe asire ke y'ap sèlman pèmèt anplwaye ak kliyan yo antre nan enstalasyon eski a si yo mete yon kouvèti vizaj ki akseptab; depi ke, anplwaye oswa kliyan an gen plis pase de zan epi li kapab medikalman tolere yon kouvèti vizaj konsa.
  - Dapre Dekrè Egzekitif 202.34, Pati Responsab yo gen dwa refize pou moun ki pa kouvri figi yo antre.
- Pati Responsab yo dwe asire ke tout moun, enkli anplwaye yo ak kliyan yo, kouvèti vizaj yo tout tan, ak eksepsyon sa yo:
  - Moun yo ka tanporèman jwenn otorizasyon pou retire pwoteksyon figi pandan y ap manje oswa bwè, toutotan yo chita ak kenbe distans sis pye youn de lòt, sòf si yo se manm menm pati/kay/fanmi.
  - Yo ka otorize moun yo retire kouvèti vizaj yo tanporèman pandan y ap fè eski sou montay, toutotan yo kenbe distans sis pye ak lòt moun yo.
- Pati Responsab yo dwe enstale baryè fizik an kès sòti yo, kyòs tikè, konsesyon, oswa estasyon tikè yo, jan sa fezab ak kote distans sosyal la pa ka respekte. Jan yo sot mansyone anlè a, si yo itilize yo, yo ta dwe mete sou pye baryè fizik yo (pa egzanp, glas ki epè oswa materyèl similè yo) konfòmman a enstriksyon OSHA yo.
- Pati Responsab dwe mete pano ki endike direktiv PPE yo pou kouvèti vizaj ki akseptab ak kote ak kijan yo dwe mete.
- Anplis de PPE nesèsè jan yo egzije l pou kèk aktivite nan espas travay, Pati Responsab yo dwe genyen, fè oswa jwenn kouvèti vizaj akseptab, epi bay anplwaye yo kouvèti sa yo san peye pandan yo nan travay. Pati Responsab yo ta dwe gen yon kantite kouvèti vizaj rezonab, mask ak lòt ekipman pwoteksyon pèsònèl (PPE) sou men pou si yon anplwaye ta bezwen ranplase.
  - Pami kachnen ki akseptab pou COVID-19 gen kachnen an twal pou kouvri figi ak mask ki ka jete ki apwopyiye pou egzèsis ki kouvri ni bouch la ni nen an.
- Yo dwe netwaye oswa ranplase mask pou kouvri figi yo apre yo fin itilize yo epi yo pa dwe pataje yo. Tanpri konsilte konsèy CDC a pou plis enfòmasyon sou kouvèti vizaj an twal ak lòt tip PPE, ansanm ak enstriksyon sou itilizasyon ak pwòpte.
  - Note byen kouvèti vizaj ki fèt an twal oswa mask ki ka jete yo pa dwe konsidere kòm kouvèti vizaj akseptab pou aktivite espas travay ki egzije yon pi wo degre pwoteksyon pou egzijans kouvèti vizaj. Pati Responsab yo dwe respekte nòm OSHA yo pou ekipman sekirite konsa.
  - Pati Responsab yo dwe konseye anplwaye yo pou yo netwaye oswa ranplase kouvèti vizaj yo regilyèman si yo vin mouye oswa sal.
- Pati Responsab yo dwe pèmèt anplwaye yo itilize pwòp mask ki akseptab pou kouvri figi yo, men yo pa ka oblije yo achte pwòp mask pou kouvri figi yo. Anplis, enstriksyon sa a pa ta dwe anpeche okenn anplwaye mete pwòp kouvèti pou pwoteksyon pèsònèl sipleman tè yo (pa egzanp, mask chirijikal, respiratè N95, oswa pwoteksyon pou figi yo). Pati Responsab yo ka egzije anplwaye yo pou mete plis PPE pou pwoteksyon yo akòz modèl travay yo. Patwon yo dwe respekte tout nòm OSHA ki aplikab yo.

- Antite ki Responsab yo dwe fòme anplwaye yo sou jan pou yo byen mete, retire, netwaye (jan sa aplikab), epi jete PPE yo, ki enkli men ki pa sèlman, mask ki apwopriye pou kouvri figi yo.
- Pati Responsab yo dwe etabli mezi pou limite pataj objè (egz., kès, eskanè tikè, kyòsk tikè), ansanm ak touche sifas moun pataje, tankou ranp pou men oswa ekran taktil; oswa, egzije anplwaye yo mete gan (ki apwopriye pou komès oswa medikal) lè yo an kontak ak objè pataje oswa sifas moun touche souvan; oswa, egzije travayè yo dezenfekte men yo avan ak apre kontak.
- Pati Responsab yo dwe ankouraje kliyan yo mete gan eski lè yo nan elevatè eski yo.

### C. Ijyèn, Netwayaj ak Dezenfeksyon

- Pati Responsab yo dwe asire yo respekte egzijans netwayaj ak dezenfeksyon ak pwòpte yo jan CDC ak DOH mande l la ansanm ak "Konsèy pou Netwayaj ak Dezenfekte Espas Piblik ak Prive pou COVID-19 la" (Guidance for Cleaning and Disinfection of Public and Private Facilities for COVID-19), ak pano "KANPE PWOPAGASYON AN" (STOP THE SPREAD) jan sa aplikab. Pati Responsab yo dwe kenbe jounal netwayaj ki gen dat, lè, ak espas k'ap netwaye a ak dezenfeksyon.
- Antite ki Responsab yo dwe bay epi kenbe espas pou fè ijyèn men yo nan espas la, jan nou pral site la a:
  - Pou lave men yo: savon, dlo cho ki ap koule, ak sèvyèt papyè ke yo ka jete.
  - Pou dezenfektan pou men yo: yon dezenfektan pou men ki a baz alkòl ki genyen omwen 60% alkòl pou espas kote etablisman pou lave men yo ka pa disponib oswa pa pratik.
  - Pati Responsab yo dwe mete dezenfektan pou men disponib nan tout enstalasyon eski a pou anplwaye yo ak kliyan yo itilize (egz., nan antre yo, sòti yo, toupre kontwa eski yo, zòn sèvis alimantè yo). Yo ta dwe enstale distribitè dezenfektan san kontak kote sa posib.
- Pati Responsab yo ta dwe mete siyalizasyon toupre estasyon sanitayzè men yo ki endike ke men ki vizibleman sal yo ta dwe lave avèk savon ak dlo; dezenfektan pou men pa efikas sou men ki vizibleman sal.
- Pati Responsab yo dwe mete veso toupatou nan enstalasyon eski a pou jete bagay sal, pami yo PPE.
- Pati Responsab yo dwe mennen netwayaj regilye ak dezenfeksyon enstalasyon eski a an ak netwayaj ak dezenfeksyon pi souvan pou espas ki gen gwo risk anpil moun itilize ak pou espas moun touche souvan (egz., elevatè ak gondòl, jan sa aplikab). Yo dwe netwaye ak dezenfekte yon fason rijid ak konstan epi sa dwe fèt souvan nan tout èdtan operasyon yo ak chak fwa sa nesèsè. Tanpri konsilte "Enstriksyon Pwovizwa pou Netwaye ak Dezenfekte Etablisman Piblik ak Prive yo pou COVID-19" (Interim Guidance for Cleaning and Disinfection of Public and Private Facilities for COVID-19) DOH yo pou kapab jwenn enstriksyon ki detaye sou jan pou nou netwaye ak dezenfekte etablisman yo.
  - Pati Responsab yo dwe asire ke yo netwaye ak dezenfekte ekipman lokasyon (egz., eski, bòt eski) yo regilyèman (sa vle di, apre chak kliyan fin itilize) lè yo sèvi avèk dezenfektan legal yo. Sèvi avèk lis pwodwi Depatman Pwoteksyon Anviwònman (Department of Environmental Conservation, DEC) ki anrejistre nan Eta New York yo epi EPA idantifye kòm efikas kont COVID-19 la.
  - Si netwayaj oswa dezenfeksyon pwodwi oswa lefèt ke netwayaj ak dezenfeksyon koze pwoblèm sekirite oswa degrade materyèl oswa ekipman, Pati Responsab yo dwe fèmen ekipman sa, mete an plas estasyon ijyèn men ant itilize, founi gan ki ka jete ak/oswa etabli limit sou kantite moun k'ap itilize ekipman sa a.



- Pati Responsab yo dwe asire netwayaj ak dezenfeksyon vestyè yo ak twalèt yo regilyèman. Vestyè yo ak twalèt yo dwe netwaye ak dezenfekte omwen de fwa chak jou, oswa pi souvan tou depann de frekans yo itilize yo.
  - Antite ki Responsab yo dwe asire ke yo respekte règleman distans yo lè yo itilize siyalizasyon, makè pou endike kote ki okipe yo, oswa lòt metòd pou diminye kapasite twalèt yo lè sa posib.
- Pati Responsab yo dwe asire ke estasyon pataje yo (egzanp, biwo kontwòl yo) yo netwaye ak dezenfekte yo ant itilizasyon pou chak anplwaye diferan.
- Pati Responsab yo dwe gen pèsònèl, ki vizib pou kliyan ak vizitè yo, ki deziyen ppou netwayaj ak dezenfeksyon elevatè, gondòl ak lòt sifas moun touche anpil.
- Pati Responsab yo dwe prevwa netwayaj ak dezenfeksyon espas ki ekspoze yo si gen yon ka kote yon moun konfime li pozitif pou COVID-19, yon netwayaj ak dezenfeksyon konsa dwe genyen, o minimòm, tout espas moun frekante ak sifas moun touche anpil.
- Enstriksyon CDC sou "Netwayaj ak Dezenfeksyon Etablisman" (Cleaning and Disinfecting Your Facility) si yo sispèk oswa yo te konfime yon moun gen COVID-19 jan sa ye anba a:
  - Fèmen zòn moun ki sispèk oswa konfime ki gen COVID-19 la itilize.
    - Pati Responsab yo pa nesèsèman bezwen fèmen operasyon an, si yo ka fèmen espas ki afekte yo.
  - Ouvri pòt ki bat sou deyò ak fenèt pou ogmante sikilasyon lè nan espas la.
  - Tann 24 èdtan avan ou netwaye oswa dezenfekte. Si 24 èdtan pa posib, tann tout tan w kapab.
  - Netwaye epi dezenfekte tout espas moun yo sispèk oswa yo konfime ki gen COVID-19 la te itilize, tankou twalèt, espas komen, ak ekipman li te pataje.
  - Depi zòn nan fin netwaye ak dezenfekte kòm sadwa, yo kapab reouvè l pou itilizasyon.
    - Moun ki pa gen kontak sere ak kontak pwòch ak moun ke yo sispèk oswa konfime ki gen COVID-19 ka retounen nan zòn lan imedyatman apre netwayaj ak dezenfeksyon.
    - Refere nou a "Enstriksyon Pwovizwa pou Anplwaye Piblik ak Prive Ki Ap Retounen nan Travay yo Apre Enfeksyon oswa Ekspozisyon a COVID-19" (Interim Guidance for Public and Private Employees Returning to Work Following COVID-19 Infection or Exposure) DOH la pou ka jwenn enfòmasyon sou kontak "tou pre oswa pwòch" yo.
  - Si plis pase sèt jou pase depi moun ke yo sispèk oswa malad ak COVID-19 te vizite oswa itilize enstalasyon eski a, pa bezwen gen netwayaj ak dezenfeksyon anplis, men netwayaj ak dezenfeksyon ki te konn fèt yo dwe kontinye.
- Pou aktivite ki enplike manyen objè pataje (egz: aparèy pèman), espas yo (egzanp: espas yo chita, twalèt yo), ak/oswa sifas (egzanp: pòt yo, kontwa yo), Pati Responsab yo dwe asire ke espas ak objè sa yo netwaye ak dezenfekte chak jou, o minimòm.
- Pati Responsab yo dwe entèdi manje ak bwason pataje ant anplwaye yo (egzanp, sèvi tèt yo manje ak bwason), ankouraje anplwaye yo pote manje ki sot lakay yo, e rezève ase espas pou anplwaye pratike distans sosyal la pandan y'ap manje repa yo.

#### D. Reyouvèti An Plizyè Faz

- Yo ankouraje Antite ki Responsab yo fè aktivite reyouvèti yo an plizyè faz pou ke yo ka pèmèt yo rezoud pwoblèm fonksyonman yo anvan aktivite yo retounen nan nivo nòmal yo. Pati Responsab yo

ta dwe konsidere limite nonb anplwaye yo, lè, ak nonb kliyan y'ap sèvi lè premye re-ouvèti a pou ka bay operasyon yo kapasite pou ajiste chanjman an.

- Pati Responsab yo dwe konsidere priyorize aksè antisipe nan sant lan pou moun ki gen lese pase sezonye ak/oswa kliyan lokal yo amezi vizit yo ogmante pandan premye jou ak semèn operasyon yo.
- Pati Responsab yo dwe konsidere nenpòt revizyon ki apwopriye pou anile tikè yo ak règleman yo pou ankouraje nenpòt kliyan malad pou rete lakay.

## E. Plan Kominikasyon

- Antite ki Responsab yo dwe bay deklarasyon ki montre ke yo te revize epi konprann lis enstriksyon ke Eta a te pase yo, epi ke yo pral mete yo sou pye.
- Pati Responsab yo ta dwe kreye yon plan kominikasyon pou anplwaye ak kliyan yo ki ladan l enstriksyon aplikab, fòmasyon, siyalizasyon, ak moyen pou bay anplwaye ak vizitè yo enfòmasyon. Pati Responsab yo ka kreye paj wèb, gwoup tèks ak imel, ak media sosyal.
- Pati Responsab yo dwe ankouraje moun yo respekte rekòmandasyon CDC ak DOH yo sou itilizasyon PPE, sitou nan zafè kouvri figi, gras a kominikasyon pale ak panno.
- Pati Responsab yo ta dwe afiche siyalizasyon anndan tankou deyò enstalasyon eski a pou raple anplwaye ak kliyan yo pou respekte ijyèn nòmal la, prensip distans sosyal yo, itilizasyon nòmal PPE yo ak pwotokòl netwayaj ak dezenfeksyon.

## III. PWOSESIS YO

### A. Evalyasyon ak Tès yo

- Pati Responsab yo dwe mete anplas pratik depistaj sante chak jou pou anplwaye yo, ak, lè sa posib, pou kontraktè ak vandè yo, men depistaj sa a pa dwe obligatwa pou kliyan jeneral yo oswa pèsònèl livrezon yo; sof pou kliyan ki angaje nan leson eski an gwoup oswa prive pou granmoun oswa timoun oswa nan gwoup aktivite, ki dwe fè depistaj sa a anvan yo antre nan enstalasyon eski a ak anvan nenpòt aktivite ansèyman oswa eski..
- Pratik depistaj yo ka fèt a distans (egz: pa telefòn oswa ankèt elektwonik), avan moun yo prezante nan enstalasyon eski a nan mezi sa posib; oswa sa ka fèt nan espas la.
- Depista ta dwe kowòdone pou anpeche moun yo antre nan kontak sere ak youn lòt avan fen depistaj la.
- Omwen, depistaj elektwonik ak an pèsòn yo dwe fèt nan itilize yon kesyonè ki detèmine swa anplwaye a gen:
  - (a) konnen li te an kontak sere nan 14 dènye jou yo avèk yon moun ki te gen tès COVID-19 pozitif oswa ki te gen sentòm COVID-19;
  - (b) teste pozitif pou COVID-19 la atravè yon tès dyagnostik nan 14 jou pase yo;
  - (c) te gen nenpòt ki sentòm COVID-19 nan 14 dènye jou yo; epi/oswa
  - (d) te vwayaje nan yon eta oswa yon peyi ki gen gwo pwopagasyon kominotè COVID-19 pandan plis pase 24 èdtan nan 14 dènye jou yo.

- Refere nou a enstriksyon CDC pase nan "Sentom Kowonaviris" (Symptoms of Coronavirus) yo pou kapab jwenn dènye enfòmasyon sou sentom ki asosye ak COVID-19 yo.
- Gade konsèy vwayaj DOH la pou enfòmasyon ki pi resan sou eta ak peyi yo ki gen gwo pwopagasyon COVID-19 ak egzijans karantèn yo.
- Pratik Depistaj yo enkli:
  - Si konfigirasyon espas ak batiman lan pèmèt, depiste anlwaye yo ki nan oswa tou pre antre batiman an pou minimize enpak la nan ka ta gen yon ka sispèk oswa konfime COVID-19 la.
  - Pèmèt distans sosyal adekwa pandan ke anlwaye yo nan liy pou tès depistaj ak/oswa nan antre batiman an.
  - Admèt sèlman anlwaye ki te fè tès depistaj swa adistans oswa lè yo rive.
  - Si yo fè tchèk tanperati yo, itilize kamera tèmik san kontak yo nan antre batiman yo pou idantifye anlwaye ki kapab gen sentòm yo epi mennnen yo nan yon zòn tès depistaj segondè pou konplete yon tès depistaj swivi. Si li pa posib oswa si li pa fezab, yo ka fè yon tchèk tanperati lè yo sèvi avèk tèmomèt san kontak yo.
- Pati Responsab yo dwe egzije anlwaye yo devwale touswit si epi lè respons yo te bay pou nenpòt nan kesyon ki mansyone anlè a yo ta chanje, tankou si yo kòmanse santi sentom, pandan oswa andeyò lè travay yo.
- Anplis kesyonè depistaj la, yo gen dwa fè kontwòl tanperati tou dapre rekòmandasyon Komisyon sou Opòtinite Anplwa Egal la (Equal Employment Opportunity Commission) oswa rekòmandasyon DOH yo. Yo entèdi Pati Responsab kenbe dosye enfòmasyon sou sante anlwaye yo (egzanp, done tanperati espesifik yon moun), men yo pèmèt yo kenbe dosye ki konfime anlwaye yo te fè tès depistaj epi rezilta tès depistaj sa yo (eg, reyisi/echwe, otorize/pa otorize).
- Pati Responsab yo dwe asire ke nenpòt responsab k'ap fè aktivite depistaj, ansanm ak verifye tanperati, yo pwoteje nòmalmman de ekspozisyon a anlwaye yo ki enfekte k'ap antre nan enstalasyon eski a. Pèsonèl ki ap fè aktivite evalyasyon yo ta dwe pran fòmasyon nan men moun ke konpayi travay yo te idantifye kòm moun ki familyè ak pwotokòl CDC, DOH, ak OSHA yo.
- Moun k'ap fè depistaj yo dwe resevwa epi itilize PPE, sa gen ladan ominimòm, yon kouvèti vizaj ki akseptab, epi sa gen dwa gen ladan gan, yon blouz, ak/oswa yon pwoteksyon pou figi.
- Yon moun ki depiste pozitif pou sentom COVID-19 yo dwe pa gen aksè pou antre nan etablisman an epi yo dwe voye anlwaye ki teste pozitif la lakay li ak enstriksyon pou kontakte founisè swen sante l pou evalyasyon ak tès.
  - Pati Responsab yo ta dwe bay anlwaye a enfòmasyon adistans sou swen sante ak resous pou teste.
  - Pati Responsab yo dwe notifye imedyatman depatman sante eta ak lokal la nan ka kote rezilta tès yo pozitif pou COVID-19 la.
- Antite ki Responsab yo ta dwe refere yo "Enstriksyon Pwovizwa pou Anlwaye Piblik ak Prive Ki Ap Retounen nan Travay yo Apre Enfeksyon oswa Ekspozisyon a COVID-19" (Interim Guidance for Public and Private Employees Returning to Work Following COVID-19 Infection or Exposure) DOH la pou ka jwenn enfòmasyon sou pwotokòl ak politik pou anlwaye ki ap chèche tounen nan travay yo apre yon

ka ke yo te konfime oswa sispèk ki gen COVID-19, oswa apre ke anplwaye a te an kontak tou pre oswa bò kote yon moun ki te gen COVID-19.

- Pati Responsab yo dwe deziyen yon pwen kontak santral, ki ka varye selon aktivite, espas, chanjman orè travay oswa jou, responsab pou resevwa ak ateste ke li te revize tout kesyonè yo, ak kontak sa ki idantifye tou kòm pati ke moun yo dwe enfòmè si pita yo santi sentom ki gen rapò ak COVID-19, jan sa endike nan kesyonè a.
  - Pwen kontak yo idantifye a pou enstalasyon eski a dwe pare pou li resevwa avètisman nan men moun ki gen ka pozitif epi kòmanse pwosede netwaye ak dezenfekte ki ale ak sa yo.
- Antite ki Responsab yo dwe chwazi yon sipèvizè sekirite espas la ki gen responsabilite ki enkli konfòmite an pèmanans ak tout aspè ki nan plan sekirite espas la.
- Pati Responsab yo dwe kenbe yon rejis (sa vle di, done moun ki antre) pou chak moun, enkli travayè yo, kliyan yo, epi kote sa posib, kontraktè yo, founisè yo ki ka gen kontak sere oswa pwòch ak lòt moun nan espas oswa zòn travay la; san konte livrezon ki fèt ak PPE ki apwopriye oswa pa mwayen san kontak yo.
  - Journal la dwe gen ladan enfòmasyon kontak, ki gen ladan non konpèl adrès, ak nimewo telefòn chak moun, pou ke yo ka idantifye, trase, ak avize tout kontak sa yo pou si gen yon ka COVID-19 ki pozitif.
- Antite ki responsab yo dwe kowopere ak efò depistaj kontak depatman sante lokal ak eta yo.

## B. Trasaj ak Swivi

- Pati ki Responsab yo dwe fè depatman sante eta ak lokal la konn sa touswit lè yon anplwaye nan sit yo a mete yo okouran de nenpòt rezilta tèst COVID-19 pozitif pa yon moun, kliyan, epi jan sa aplikab antreprenè yo ak vandè yo, nan enstalasyon eski a.
- Nan ka yon moun ki te rantre nan enstalasyon eski a teste pozitif, Pati Responsab yo dwe kolabore ak depatman sante eta ak lokal jan yo egzije sa pou trase tout kontak nan enstalasyon eski a epi alète depatman sante eta ak lokal la sou tout moun ki te antre nan sat eski a nan dat 48 èdtan anvan moun lan te kòmanse santi sentòm COVID-19 la oswa anvan li te teste pozitif, nenpòt dat ki pi resan. Yo dwe kenbe konfidansyalite jan lwa ak regleman federal ak eta a yo egzije a.
  - Nan ka yon moun ki montre sentòm pandan li nan enstalasyon eski a, Pati ki Responsab yo dwe notifiye moun yo nan zòn ki ozalantou a yo oswa ki te ka te afekte imedyatman avèk enfòmasyon sou kote moun nan te ye nan tout enstalasyon eski a epi avize yo si moun nan ki gen sentòm yo teste pozitif.
- Depatman sante eta ak lokal yo gen dwa, selon otorite jiridik yo, mete sou pye kontwòl ak restriksyon sou depasman pou moun ki enfekte oswa ekspozè yo sa gen ladan izòlman lakay oswa karantèn.
- Anplwaye ke yo alète ki te an kontak sere ak yon moun ki gen COVID-19 e ke yo te alète pa mwayen trasaj, swivi oswa lòt mekanis, yo egzije pou deklare tèt yo bay anplwayè yo a nan lè alèt la e yo pral swiv pwotokòl ki endike pi wo a.

## IV. PLAN PATWON YO

Pati Responsab yo dwe afiche plan sekirite konplè sou plas kote pou tout moun wè. Eta a mete disponib yon modèl plan sekirite pou re-ouvèti biznis pou gide mèt ak administratè biznis yo nan elaborasyon plan pou pwoteje kont pwopagasyon COVID-19.

**Gen plis enfòmasyon, rekòmandasyon, ak resous sou sekirite ki disponib sou:**

Sit Entènèt Epidemi Kowonaviris (COVID-19) Depatman Sante Eta New York la  
<https://coronavirus.health.ny.gov/>

Sit Entènèt Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi Kowonaviris (COVID-19)  
<https://www.cdc.gov/coronavirus/2019-ncov/index.html>

Sit Wèb Administrasyon Sekirite ak Sante nan Travay COVID-19 la  
<https://www.osha.gov/SLTC/covid-19/>

**Nan lyen ki pi ba a, konfime ke ou te li epi konprann obligasyon ou genyen pou ka fonksyone konfòmman a enstriksyon sa a:**

<https://forms.ny.gov/s3/ny-forward-affirmation>